

UNIONDALE UNION FREE SCHOOL DISTRICT

933 GOODRICH STREET, UNIONDALE, NEW YORK 11553-2499

Website: <http://district.uniondaleschools.org>

BOARD OF EDUCATION

CHARMISE P. DESIRÉ, *President*
NEVILLE G. GEORGES, *Vice President*
ADELINA BLANCO-HARVEY, *Trustee*
JUSTIN BROWN, *Trustee*
CAROL EASON, *Trustee*
BAILEY JEFFRIES, *Student Member*

WILLIAM K. LLOYD, PH.D.

Superintendent of Schools
516-560-8824 • FAX 516-414-5675
E-MAIL: wllloyd@uniondaleschools.org

ADMINISTRATION

RHONDA A. TAYLOR
Assistant Superintendent for Curriculum and Instruction
516-560-8825 • FAX 516-560-8917
MYRTLE E. DICKSON, PH.D.
Assistant Superintendent for Human Resources
516-560-8822 • FAX 516-560-8927
STEVEN M. EPSTEIN
Assistant Superintendent for Business Affairs
516-560-8801 • FAX 516-918-1071

DISTRICT CLERK

OLENA NICKS
516-560-8945 • FAX 516-918-1060

15 mas 2020

Chè kominote distrik eskolè Uniondale la :

Apremidi a, Direktè Ekzekitif Vil Nassau a, an koòdinasyon ak Depatman Lasante Vil Nassau a anonse Distrik Eskolè Uniondale la ke, yo pase lòd pou tout lekòl nan vil Nassau a fèmen pou de (2) semèn k ap vini yo kòmanse depi demen, Lendi 16 mas jiska vandredi 27 mas. Yo bay lòd ekzekitif sa a kòm yon efò ke vil la ap fè pou anpeche COVID-19 (viris Korona a) pwopaje plis. Pandan peryòd lekòl fèmen sa a, Distrik la ap pwofite pou li fè plis efò pou dezenfekte ak netwaye batiman lekòl yo. Distrik la ap travay ak Depatman Lasante a pou yo diskite de tout kalite prekosyon ki sipoze ap pran.

Tanpri, note ke fèmte lekòl yo nan tout distrik la vle di ke tout aktivite, rankont, evènman, menm rankont paran yo (PTA), etc. anile. Nou poko gen enfòmasyon espesifik sou ki lè n ap ranvwaye aktivite sa yo. Yon fwa, ak si ke nou pran desizyon sa yo, n ap bay yon lòt dat pou rankont sa yo fèt, epitou n ap voye enfòmasyon sa a bay kominote a ak tout gwoup espesifik ki konsène yo. Pou tout enfòmasyon anplis sou resous kominote ak dènye nouvel sou pwogram espesifik ki konsène yo, tanpri vizite sit wèb distrik la nan: <https://district.uniondaleschools.org>

Nou konprann ke anons sa a kontrarye kominote a anpil. Deplis ke viris Korona sa a ap pwopaje, plis l ap chanje lemond n ap viv la. Sa a se yon sitiyasyon k ap evolue epi nou remèsye nou pou pasyans ak fleksibilite nou. Byenke nou konnen ke fèmen lekòl sa yo kontrayè anpil lan nou, li enpòtan pou sonje ke entansyon chak pa ke nou fè se pou mete sekirite kominote a an premye.

Depi plizyè semèn ki sot pase yo, administrasyon santral Distrik Eskolè Uniondale la ak Biwo Edikasyon Distrik la ap travay avèk dilijans pou prepare potansyèl fèmte lekòl yo pou asire ke eksperyans edikasyon elèv nou yo pap koupe pandan tan ensètitud sa a. Nou lan pwosesis pou aplike opsyon sou entènèt ak lòt resous pou asire yon plan ekitab ak solid ki asire kontinuite edikasyon pou tout nivo klas yo. Nou pral fè laswivi ak paran yo ansanm ak elèv yo pou kowòdone de plan pou aprantisaj dijital ak lòt resous ki disponib pou ke elèv nou yo sa kapab itilize tan yo nan yon fason pozitif pandan yo andeyò batiman lekòl yo. Menm si nou rekonèt ke sa a pa ka ranplase enstriksyon k ap fèt nan klas yo, sa a ap ede fè yon diferans jiskaske elèv yo tounen nan lekòl yo.

Pou planifikasyon ak distribisyon manje, n ap repete enfòmasyon nou te bay nan lèt nou te voye 13 mas 2020 an.

- Lefèt ke distrik la ap fèmen lendi 16 mas ak madi 17 mas, 2020, manje maten ak manje midi ap disponib pou nou vin pran yo nan madi 17 mas, 2020, nan antre Ayskoul Uniondale (Uniondale high School) la ak nan antree lekòl Lawrence Road la ant 10 :00 AM an 12 :00 PM.

Tan sa a se yon tan ki difisil pou nou tout. Si ou gen okenn kesyon espesifik sou sa ki konsène afè lekòl oubyen ou ta vle gen plis enfòmasyon, tanpri rele biwo direktè lekòl pitit ou a. Yo gen aksè a tout mesaj yo kite pou yo. Pou tout kesyon sou afè medikal, tanpri kontakte manzè Sylvia Kalich, Asistan Administratif pou sèvis lasante distrik la, oubyen Depatman Lasante Vil Nassau a nan 516-227-9697 oubyen rele doktè prive ou.

Nou remèsye ou ankò pou pasyans ak konpreyansyon ou.

Mèsi anpil.

Dr. William K. Lloyd

Sipèntandan Lekòl yo